दिन–सोमवार                                                    दिनांक–16.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                    अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत पचीस लाख महिलाक खाता मे दस–दस हजार टाकाक राशि डीबीटीक माध्यम सँ अंतरित कयलनि। पटना मे आयोजित समारोह मे श्री कुमार कुल दू हजार पांच सय करोड़ टाकाक राशि महिला लाभुक सभक खाता मे पठौलनि। योजनाक अंतर्गत एखन धरि एक करोड़ एकासी लाख सँ बेसी महिलाक खाता मे दस–दस हजार टाकाक राशि पठाओल जा चुकल अछि। कार्यक्रमक बाद महिला रोजगार लेल सरकार द्वारा उठाओल जा रहल डेग पर अपन प्रतिक्रिया दैत परिवहन आ ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कहलनि कि जे लाभार्थी महिला रोजगार शुरू कयने छथि ओकर समीक्षा कऽ अतिरिक्त दू–दू लाख टाका धरिक सहायता राशि देल जायत।

---

बिहार विधानमंडलक बजट सत्र आइ सुचारू रूप सँ चलल। हलांकि दुनू सदनक कार्यवाही मे विपक्षी सदस्य लोकनि हंगामा आ हो–हल्ला कयलनि। एकर बादो प्रश्नोत्तरकाल, शून्यकाल आ आनो विधायी काज संपन्न भेल। विधानसभा मे भोजनावकाशक बाद स्वास्थ्य विभागक बजट पर चर्चाक उत्तर दैत स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि जे प्रदेश मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे अस्पताल सभ मे विकासक काज भेल अछि। ओ मुजफ्फरपुरक एस.के.एम.सीएच मे बनल कैंसर केन्द्रक चर्चा करैत कहलनि जे एहि ठाम उत्कृष्ठ चिकित्साक व्यवस्था अछि। स्वास्थ्य मंत्री चर्चाक जवाब दैत विभागक उपलब्धि जनौलनि। ओ कहलनि जे पंद्रह दिनक भीतर पांच हजार सँ बेसी नर्सक नियुक्ति होयत। एहि मध्य मंत्रीक जवाब सँ असंतुष्ट विपक्षी सदस्य लोकनि सदन सँ वॉकआउट कयलनि। चर्चाक बाद सदन विभागक एक्कैस हजार दू सय सत्तरि करोड़ टाकाक सँ बेसीक बजट पारित कऽ देलक। एहि सँ पूर्व विधानसभा मे लोजपा रामविलासक सदस्य स्वर्गीय रामविलास पासवान के लऽकऽ प्रतिपक्षक नेता द्वारा अशोभनीय टिप्पणीक विषय उठल। जाहि के लऽकऽ सदस्य लोकनिक मध्य नोक–झोक भेल। तकर बाद सभाक कार्यवाही दूपहर दू बजे धरि लेल स्थगित कऽ देल गेल। दोसर दिस विधान परिषद मे आइ भूमि सुधार, खान आ भूतत्व, नगर विकास तथा आवास, कला–संस्कृति, खेल आ पछड़ल वर्ग विभाग सँ जुड़ल बजट पर सेहो चर्चा भेल।

———————————————————————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे मुजफ्फरपुरक पताही मे हवाई अड्डाक रनवे आ आनो संरचनात्मक निर्माण लेल तैंतालीस करोड़ टाका सँ बेसीक निविदा जारी कऽ देल गेल अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे मुजफ्फरपुर हवाई अड्डा शुरू हेबा सँ उत्तर बिहारक संपर्क आओर नीक होयत तथा पर्यटन आ स्थानीय व्यापार के बढ़ावा भेटत। ओ कहलनि जे जल्दीए एहि ठाम सँ यात्री विमानक परिचालन शुरू भऽ गेलाक बाद पटना आ दरभंगा हवाई अड्डा पर यात्री दबाव कम होयत।

———————————————————————————————

भारत एआई इंपैक्ट सम्मेलन दू हजार छब्बीस आइ सँ नव दिल्ली मे शुरू भऽ गेल। पांच दिवसीय ई सम्मेलन कोनो विकासशील देश मे आयोजित होबयवला पहिल वैश्विक एआई शिखर सम्मेलन अछि। एहि क्रम मे एक एआई प्रदर्शनीक सेहो आयोजन भऽ रहल अछि। जाहि मे भारतक कतेको एआई स्टार्टअप भाग लऽ रहल छथि। सम्मेलन मे केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह, गिरिराज सिंह, प्रदेशक सूचना आ प्रावैधिकी मंत्री श्रेयसी सिंह सेहो सम्मिलित भऽ रहल छथि।

———————————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक मैट्रिक वार्षिक परीक्षा काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। परीक्षाक वास्ते एक हजार छओ सय सँ बेसी केन्द्र बनाओल गेल अछि जतऽ पंद्रह लाख सँ बेसी विद्यार्थी परीक्षा मे सम्मिलित हेताह। परीक्षाक लेल प्रत्येक जिला मे चारि मॉडल केन्द्र बनाओल गेल अछि। एहि मॉडल केन्द्र सभ पर महिलाकर्मी लोकनिक प्रतिनियुक्तिक संगहि मात्र छात्रा लोकनि परीक्षा मे सम्मिलित हेतीह। परीक्षा दू पाली मे होयत। परीक्षा समिति सँ प्राप्त संवादक अनुसार परीक्षा केन्द्र मे परीक्षा शुरू हेबा सँ आधा घंटा पहिने धरि प्रवेश देल जायत। गेट बंद हेबाक बाद प्रवेशक अनुमति नहि होयत। दोसर दिस सीबीएसई बोर्डक दसम आ बारहमक परीक्षा सेहो काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि।

———————————————————————————————

केन्द्रीय कोयला आ खान राज्यमंत्री सतीश चंद्र दूबे कहलनि अछि जे केन्द्रीय बजट आत्मनिर्भर भारतक संकल्प पत्र अछि। पश्चिम चंपारणक बगहा मे भाजपा द्वारा आयोजित प्रेसवार्ता मे ओ कहलनि जे बजट मे जनहितक ध्यान राखल गेल अछि।

पूर्णियां मे जिलापदाधिकारी अंशुल कुमारक अध्यक्षता मे महत्वपूर्ण लोक कल्याणकारी आ विकास काज सँ संबंधित काजक समीक्षा बैसार भेल।

---

समाप्त